



Pou Piblikasyon Imedya: 15/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU PWOGRÈ NAN DIREKSYON OTORIZASYON FEDERAL VAKSEN COVID-19 POU TIMOUN KI GEN MWENS PASE SENK ANE

Gouvènè Kathy Hochul te mete aksan jodi a sou pwogrè nan direksyon otorizasyon federal final vaksen COVID-19 la pou timoun ki gen mwens pase senk ane.

"Se yon bon nouvèl ke paran ak responsab yo te tann ak pasyans pou yo kapab bay timoun piti yo pi bon pwoteksyon kont COVID-19", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Yon fwa li apwouve, mwen ankouraje paran ak responsab yo pou yo kontakte pedyat yo konsènan sijè fè vaksinen timoun piti yo pandan vakans ete a. Vaksen an se pi bon defans nou kont COVID-19, epi nou pral kontinye mete zouti sa a disponib tout kote pou Nouyòkè yo nan kad efò preparasyon kontinyèl nou pou pandemi an."

Aprè sa, Administrasyon Manje ak Medikaman an pral pran yon desizyon final sou otorizasyon vaksen an, ki ap answit gen rekòmandasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Direktè CDC, Doktè Rochelle Walensky. Aprè sa, Administrasyon Manje ak Medikaman an pral pran yon desizyon final sou otorizasyon vaksen an, ki ap answit gen rekòmandasyon Sant pou Kontwòl Maladi ak Direktè CDC, Doktè Rochelle Walensky. Yon fwa Direktè CDC a rekòmande vaksen an, Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la pral elabore epi pibliye direktiv yo bay founisè yo.

Eta New York deja ap fè preparasyon pou ogmante pousantaj vaksinasyon pami timoun ki gen mwens pase senk ane yo. Founisè vaksen yo atravè eta a deja fè kòmanm preliminè pou 39,000 dòz. Depatman Sante Eta New York la ap travay pou asire ke founisè yo atravè eta a pral kapab mande dòz adisyonèl, epitou elabore yon kanpay medyatik ki peye nan tout eta a pou ankouraje vaksinasyon ki pral lanse ete sa a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418